

AKTUALISASI DHIRI PARAGA UTAMA SAJRONE NOVEL RINGIN GARING ANGGITANE TULUS S

(Psikologi Humanistik Abraham Maslow)

ARIYANI AYU PURWANTI

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ariyanipurwanti@mhs.unesa.ac.id

Prof. Darni, M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Panliten iki ditindakake kanthi tujuwan supaya bisa mangerten kepriye wujude aktualisasi dhiri kang diwujudake dening paraga utama sajrone Novel Ringin Garing. Saben manungsa ing donya iki mesthi nindakake aktualisasi dhiri kang mujudake salah siji saka saperangan masalah kang ana sajrone jiwa manungsa. Aktualisasi dhiri ing berayan Jawa nyata narik kawigatene pengarang kanggo dilebokake minangka salah siji masalah sajrone karya sastra. Bab iki ditintingi adhedhasar teori psikologi humanistik Abraham Maslow. Asil panliten nuduhake yen paraga utama bisa nggayuh aktualisasi dhiri kaya kang diandharake ing teori psikologi humanistik Abraham Maslow. Purwati minangka paraga utama bisa mujudake kabutuhan bertingkat, saperangan wujud aktualisasi dhiri uga bisa ngliwati pepalang kang diadhepi.

Tembung wigati : aktualisasi dhiri, kabutuhan bertingkat, novel, paraga utama.

A. Purwaka

Sastra mujudake gegambaran urip bebrayan kang digambarake lumantar sawijine kahanan urip lan panguripane manungsa. Sastra minangka salah sawijine asil karya manungsa duweni sesambutan karo kahanan panguripan lan bebrayan sakupenge. Sastra uga minangka wadhah kanggo pangripta saperlu ngandharake apa kang bakal dikandhakake marang bebrayan cundhuk karo apa kang diandharake Nurgiyantoro (2009:4) yaiku sastra minangka gegambaraning panguripan. Sastra mung karya reriptane pangripta nanging ora bisa uwal saka kanyatan. Perkara-perkara kang ana sajrone reriptan sastra akeh dijupuk saka kanyatan kang wis kelakon. Perkara kang ana sajrone panguripane manungsa dadi objek sastra kang dumadi saka anane pangrasa kang diduweni manungsa awujud sipat lan watak. Bab kasebut maneka warna saengga bisa nuwuhake reribet lan ndadekake manungsa owa bisa uwal saka perkara kang ana ing uripe.

Perkara-perkara kang dialami manungsa kang dadi objek ing karya sastra bisa ditintingi nggunakake salah sawijine perangan elmu ngenani kajiwana lan kapribadhene manungsa yaiku elmu psikologi. Analisis psikologi sastra ora bisa uwal saka pangrembakane manungsa kang nuwuhake tandha-tandha psikologis kanthi ora sadhar mangaribawani tumindak manungsa. Semono uga novel kang dianggit dening Tulus Setiyadi kanthi irah-irahan *Ringin Garing* kang kapilih dadi objek panliten ngenani bab-bab psikologis ngenani paraga utamane.

Novel Ringin Garing kapilih dadi objek panliten iki amarga novel iki nduweni bab-bab kang ana sesambungan karo *psikologi humanistik* kang diandharake dening Abraham Maslow mlige bab *aktualisasi dhiri* kang dialami dening paraga utamanae. Pangripta nggambareke lelakone paraga utama kang ngupaya supaya bisa nggayuh bab kang paling dhuwur tingkatane yaiku *aktualisasi dhiri*. Upaya-upaya kang ditindakake supaya bisa nggayuh kapenginane bis urip kang luwih becik.

B. METODHE

Panliten kanthi irah-irahan “*Aktualisasi Dhiri Paraga Utama sajrone novel Ringin Garing Anggitane Tulus S.*” iki kalebu panliten kuwalitatif. Panliten iki minangka proses kang ditindakake kanthi siji mbaka siji, yaiku ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrument dhata, tata cara nglumpukake dhata, tata cara analisis dhata, tata cara nulis asile panliten. Jinis kuwalitatif digunakake supaya bisa antuk dhata kang *akurat* amarga nengenake makna. Mula saka bab kasebut panliten iki kudu bisa menehi makna tumrap kanyatan-kanyatan kang ana (Sugiyono, 2013: 7).

Pendhekatan kang digunakake panliten iki yaiku pendhekatan objektif minangka pendhekatan kang mawas sawijine karya sastra fiksi. Karya sastra fiksi minangka karya kang utuh lan mandhiri, ateges karya diwaca lan dimangertenin tanpa anane sesambungan tumrap ndonya. Pendhekatan iki mung dimangertenin kanthi cara maca sakabehing bab kang ana sajrone teks prosa kasebut (Najid, 2009: 47).

Panliten iki nggunakake rong sumber dhata yaiku sumber dhata utama lan sumber dhata panyengkuyung. Sumber dhata sajrone panliten cacache ana loro yaiku dhta primer lan sumber dhata sekunder (Moleong, 2009: 157). Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti. Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku *novel Ringin Garing* anggitane Tulus S kang diterbitake dening CV. Pustaka Ilalang taun 2017 lan dumadi saka 152 kaca kaperang dadi rolas bab. Sumber dhata sekundeher yaiku sumber dhata kang ora langsung menehi dhata marang panliti utawa sumber dhata panyengkuyung. Sumber dhata sekundher ing panliten iki yaiku saperangan buku ngenani psikologi Abraham Maslow uga buku-buku ngenani sastra tulis, artikel, asil panliten lan sapanunggale.

Dhata panliten iki arupa pethikan ukara lan pacaturan kang nuduhake sesambungan karo teori Psikologi Humanistik Abraham Maslow. Pethikan tetembungan In ukara kang tinulis nuduhake anane sesambungan karo *aktualisasi dhiri* paraga utama sajrone novel *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi. Sajrone panliten sastra dhata formale iku awujud tembung, ukara, uga wacan (Ratna, 2004: 47).

Instrumen dhata kang digunakake sajone panliten sastra iku ditindakake dening panliti. Panliti nduwensi pagaribawa kang wigati sajrone nindakake panliten kasebut, jalaran panliti minangka kang nggolek sumber dhata, nganalisis dhata, ngandharake dhata, ngloppokake dhata, nulis asile panliten lan menehi dudutan sajrone panlitene. Sajrone panliten kualitatif, kang dadi instrumen utawa piranti panliten yaiku panliti iku dhewe (Sugiyono, 2013: 59). Panliti

minangka instrumen kang nemotokake dhata kanthi disengkuyung dening instrumen panyengkuyung liyane kaya dene potlot, polpen, buku lan kartu kanggo nulis dhata kang wis diwaca lan kang dibutuhake.

Pangumpulane dhata nggunakake teknik studi pustaka kanggo ngonceki kabutuhan aktualisasi dhiri sajrone novel. Teknik studi pustaka dianggo nglumpukake dhata-dhata arupa buku-buku, cathetan-catetan kang ana sesambungan karo panliten, yaiku saka novel *Ringin Garing*. Studi pustaka ditindakake kanthi cara nyinaoni sumber utawa buku kang dilandhesi pikiran panliti dhewe kanggo ndheskripsekae dhata-dhata objek panliten (Sukardi, 2003:78).

Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata, yaiku:

- 1) Maca sumber dhata kang utama yaiku novel *Ringin Garing* Anggitane Tulus S kanthi dibolan-baleni amrih bisa mangertenin isine.
- 2) Menehi tandha ing saben-saben pethikan lan saben-saben pada kang nduwensi sesambungan karo psikologi humanistik Abraham Maslow.
- 3) Nglumpukake dhata ka nana sajrone novel *Ringin Garing* kang salaras karo paraga utama kang mbuthuhake aktualisasi dhiri.
- 4) Nggolongake dhata kang wis kapilih lan kapilah-pilah kang jumbuh marang tintingan psikologi humanistik Abraham Maslow.

Teknik analisis minangka salah sawijine cara kanggo ngonceki tetembungan kang ana sajrone objek kang trep dikaji ing panliten ngenani novel *Ringin Garing* iki. Teknik analisis dheskriptif kang ditindakake kanthi cara nintingi prakara-prakara kang ana sajrone reriptan sastra (Ratna, 2004: 339-340).

Tata cara nganalisis dhata kang arep diandharake ing sajrone analisis dhata yaiku kaya dene ing ngisor iki:

- 1) Nglumpukake dhata kang ana sajrone novel *Ringin Garing* kang selaras karo paraga utama kang mbuthuhake *aktualisasi dhiri*.
- 2) Dhata kang wis nglumpuk dipilih lan dipilah miturut underan panliten.
- 3) Dhata kang wis kapilih dianalisis nggunakake teori-teori kang wis diandharake.
- 4) Dhata kang wis dianalisis, asile banjur diwenehi dudutan kang cundhuk karo kabutuhan *aktualisasi dhiri* tumrap paraga utama manut underan panliten.

C. ANDHARAN

Andharan lan jlentrehan dhata ing ngisor iki ngenani kabutuhan bertingkat, wujud aktualisasi dhiri, uga pepalang kang diadhepi paraga utama sajrone novel *Ringin Garing*.

Wujud Kabutuhan Bertingkat Paraga Utama

sajrone Novel *Ringin Garing Anggitane* Tulus S.

Kabutuhan Fisiologis

Kabutuhan fisiologis minangka kabutuhan dhasar manungsa kang paling utama. Kabutuhan iki bisa awujud kabutuhan mangan, ngombe, turu lan kabutuhan liyane kang ana sesambungan minangka upaya njaga imbangke unsur-unsur fisik. Maslow sajorne Alwisol (2009: 204), ora arang pawongan nggunakake kabutuhan iki kango nyukupi kabutuhan kang luwih dhuwur kaya pawongan kang ora kacukupan rasa tresnane bakale terus mangan.

Ing novel iki Purwati minangka paraga utama nuduhake kabutuhan fisiologis yaiku kabutuhan kang lumrah yaiku kabutuhan panganan. Purwati minangka manungsa lumrah uga nyukupi kabutuhane iku yaiku nalika dheweke teka ing daleme Mbah Riyem. Dheweke disuguhui wedang kopi lan panganan kaya kang kaandharake ing ngisor iki.

Ora sawetara suwe Mbah Riyem wis nggawa sagelas wedang kopi lan diombekna ing tutuke Purwati.

“Iki cah ayu diombe!” sajak wigati banget anggone leladi marang Purwati. “Oh... iya kowe durung mangan ta?”

Purwati mung bisa manthuk wae. “Inggih Mbah wiwit saking griya ngantos menika dereng nedha,” wangslane Purwati sajak melas banget.

Krungu kandhane Purwati tambah rasa mesakne lan ora mental banget, nganti Mbah Riyem nangis miseg-miseg. Banjur age-age wong tuwa kuwi njupukna sega saklawuhe. (Tulus, 2017: 14)

Pethikan kuwi Purwati nuduhake yen dheweke durung kelebon apa-apa wiwit saka ngomah nganti tekan ing daleme Mbah Riyem. Dheweke minangka manungsa lumrah uga nduwensi rasa luwe. Mula nalika Mbah Riyem nyuguhi omben lan panganan dheweke ora nulak. Bab kuwi lumrah lan bisa digawe titikan yen kabutuhan pangan lan omben minangka kabutuhan kang paling wigati tumrap manungsa.

Kabutuhan fisiologis saliyane mangan lan ngombe yaiku turu. Manungsa saliyane butuh mangan lan ngombe uga butuh turu, ngeremake awak kang sayah sawise nindakake pakaryan utawa kagiyanan padinan kayata nyambut gawe, supaya bisa nerusake kagiyanan ing dina mbesuke. Kabutuhan turu iki saliyane bisa gawe seger ing awak uga bisa gawe seger ing pikiran, mula manungsa lumrah banget yen kudu nyukupi kabutuhan paling ngisor iki. Purwati minangka paraga utama ing novel iki uga muduhake yen dheweke uga uga nyukupi kabutuhan turu kaya kang kapethik ing ngisor iki.

Purwati banjur meneng karongrungokna Mbah Riyem sing crita kanthi

cetha lan runtut. Sing dicritakna lelakone kraton Mataram nganti tekan Ngayogyakarta, Surakarta lan Mangkunegaran. Ora kliwat critane para pangeran lan ratu sing misuwur. Purwati banget anggone migatekna. Apa sing dicritakna Mbah Riyem sajak gawe kadudut atine. Eman awit awake krasa kesel dadi nganti dheweke krasa ngantuk. (Tulus, 2017: 20)

Pethikan kasebut nuduhake Purwati minangka manungsa uga nduwe rasa kesel. Sajane nalika ngrungokake crita saka Mbah Riyem, dheweke rumangsa kadudut atine nanging awit awake butuh leren mula krasa ngantuk. Rasa ngantuk kasebut bisa dijalari amarga awake kesel utawa pancen wis wayahe kudu ngeremake awak. Purwati ing kono krasa ngantuk amarga awake kesel, mula nalika dicritani dening Mbah Riyem nganti kegawa turu.

Kabutuhan Rasa Tentrem

Sawise kabutuhan fisiologis kacukupan, bakal tuwu kabutuhan tumrap rasa aman utawa rasa tentrem, *stabilitas, proteksi, struktur ukum, paugeran wates, mardika* saka rasa wedi lan was sumelang. Nalika kabutuhan fisiologis saben pawongan wis kacukupan, mula saben pawongan wiwit nduwensi daya kango nyukupi kabutuhan rasa tentrem.

Kabutuhan rasa tentrem mligine *proteksi* dituduhake Purwati nalika ana pawongan kang ora dikenal nyedhaki nalika dheweke ngenteni kancane Ismi ing terminal. Purwati rumangsa ora aman amarga pawongan kuwi dumadakan teka ing sandhinge. Manungsa lumrah uga bakal ngrasakake pangrasa kaya mangkono. Pancen pawongan kuwi durung mesthi tumindak ala, nanging rasa sumelang mesthi uga mesthi ana. Bab kasebut kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Ana apa Mbak, wiwit mau kok sajak bingung?”

“Ora Mas... ora apa-apa kok?” wangslane Purwati sajak semu keweden.

“Aja dora lho. Tepungna jenengku Mas Harya sing melu njaga terminal iki. Dadi menawa ana apa-apa aku melu tanggung jawab.” (Tulus, 2017: 5)

Pethikan kasebut nuduhake yen Purwati rumangsa ora aman dicehdaki pawongan lanang kuwi. Purwati rumangsa wedi amarga pawongan kuwi lagi ditepungi lan blegere sajak rada medeni uga, gedhe dhuwur, lemu lan brewok. Mesthi wae thukul rasa sumelang ing atine Purwati. Dheweke minangka wong wadon lugu kang durung tau lelungan adoh ijen tanpa kanca, uga lagi sumelang nunggu kancane sing arep marani nanging nganti suwe uga durung jebul.

Sawise takon ngendi papan panggonane kancane, tibake si Harya meneri ngerti alamat sing ditakonake Purwati. Atine Purwati saya lega maneh dene Harya uga saguh ngeterake yen meksa kancane durung teka-teka. Purwati sajak rada ayem rasane. Purwati tetep dikongkon ngenteni kancane dhisik sapa ngerti kancane ora suwe bakale marani. Bab kasebut kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Gampang mengko digoleki. Lha Baciro kuwi ora amba banget. Waton jenenge sapa lan kerjane ana ing ngendi banjur takon-takon mesthi akeh sing ngerti.”

“Inggih Mas, maturnuwun saderengipun.”

“Iya... sepurane aku dakngrampungake tugasku dhisik. Kowe aja lunga saka kene. Mengko menawa wis rampung aku dakkreng maneh,” karo Harya ngadeg banjur ngeblas lunga saka papan kono.

Saiba kaya tanduran kang garing kasiram banyu. Batine Purwati dadi tentrem sithik, dene ana wong duweni niyat tetulung. (Tulus, 2017: 6)

Tembung kang diunekake Harya sithik akeh bisa gawe ayem atine Purwati. Apa maneh Harya uga saguh ngeterake Purwati nggoleki omahe Ismi ing Baciro kono. Senadyan Purwati durung ngerti lan durung nate dolan menyang omahe Ismi, nanging Harya saguh ngeterake lan mbantu nggoleki omahe kancane iku nganti ketemu. Purwati seneng banget lan rasa sumelange sithik mbaka sithik ilang.

Kabutuhan Rasa Tresna lan Nduweni

Kabutuhan diduweni utawa dadi bageyan saka *kelompok sosial* lan tresna dadi tujuwan kang dominan sawise kabutuhan rasa tentrem kacukupi. Rasa tresna mujudake rasa kang lumrah diduweni manungsa, bisa tresna marang kulawarga, wong liya, kanca, lawan jinis

Kabutuhan rasa tresna dituduhake nalika Purwati kelingan simboke ing Magetan. Dheweke lunga menyang Yogyakarta ninggal simboke ana ngomah. Ana rasa kangen nalika kelingan simboke nanging dheweke durung kepengin bali mulih. Purwati kepengin mbuktekake yen bisa kasil dadi wong sukses. Sasuwene telung dinan ana ing omahe Mbah Riyem, dheweke bisa ngrasakake rasa tresna asih saka Mbah Riyem kang wis dianggep kaya ibune dhewe kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Oh.. iya... pancen wong tuwa kari siji-sijine. Nanging, sing kuwat tekadmu ya! Jenenge berjuwang. Mengko menawa wis dadi wong kang kasil simbokmu bakal seneng. Saiki ndang adus kono, wis arep surup. Iki

malem Jemuwah, mengko dakajak ing Kutha Gedhe. Simbah daketu sedhela ya,” Mbah Riyem banjur ngeblas ing gang-gang sing dilewati.

Purwati batine mung bisa trenyuh dene isih ana wong kaya Mbah Riyem sing wis dianggep kaya wong tuwane dhewe. Upama ora ketemu kaya ngapa nasibe. Ora wurung mung dadi glandhangan urip turut ndalan lan cedhak ing bebaya. (Tulus, 2017: 15)

Pethikan kasebut nuduhake yen Purwati lagi kelingan lan kangen marang simboke neng ngomah. Dheweke lagi kepengin ngrasakake tresna asih saka simboke. Senadyan adoh saka simbok, dheweke bisa ngrasakake tresna asih kang diwenenhi Mbah Riyem. Mbah Riyem dudu sanak dudu kadang, mung pawongan kang ora sengaja kepethuk ana ing bus sasuwene budhal menyang Yogyakarta nanging bisa aweh tresna saliyane aweh pitulungan marang Purwati. Kawigatene Mbah Riyem bisa nambani kangene Purwati marang simboke lan bisa njalari Purwati bsa ngrasakake rasa tresna saka simboke. Purwati nuduhake rasa kepengin ditresnani nalika ora sengaja kepethuk pawongan lanang ing tamansari. Dumadakan Purwati kepethuk pawongan kang ngaku aran Wisnunagoro. Praupane bagus kaya dene Kamajaya kang lagi mudhun ing ngarcapada. Pawongan bagus kuwi uga dumadakan nguntabake rasa tresnane marang Purwati kang lagi wae ditepungi. Purwati rumangsa kaget lan gumun, uga rumangsa seneng dene ana sing aweh katesnan marang dheweke kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Dhiajeng Purwati, kepareng sliramu gelem nampa marang katresnanku iki, awit nalika daksawang saka kadohan sliramu katon sumlorot pindha bethari mangejawantah, tampanana ya Dhiajeng?”

“Ingg.. gih...” ujare Purwati sing tanpa mikir.

“Matur nuwun, menawa mangkono ayo dakajak ing dalemku bakal daktepungake kanjeng ibu Gusti Ratu Alit. Ora kabotan ta?”

Anehe Purwati mung bisa nurut wae tanpa nduweni pikiran sing ora-ora. Tangane digandheng karo pangeran, banjur dikanthi tumuju daleme. (Tulus, 2017: 24)

Pethikan kasebut nuduhake Purwati ngrasakake rasa ditresnani dening Wisnunagoro. Senadyan lagi ketemu pisan wektu iku nanging nalika Wisnunagoro nibakake tresnane marang Purwati, Purwati mung bisa manut lan nampa katresnane. Nalika arep ditepungake marang ibune, Purwati uga mung manut wae kaya kesirep tresnane Wisnunagoro.

Kabutuhan Diajeni lan Ngajeni

Kabutuhan marang pangaji kaperang dadi loro yaiku ngajeni marang awake dhewe lan diajeni dening liyan. Ngajeni marang awake dhewe kayata nduwe kapercayan marang awake dhewe lan ora gumantung marang liyan. Ngajeni dening liyan yaiku narima palungguhan kang diduwensi dening pawongan liya.

Purwati nuduhake tumindak ngajeni marang awake dhewe yaiku nalika dipeksa pak cilike nampa panglamare modin desa sing sugih. Purwati nulak senadyan wis akeh dibantu dening paklik, bulik uga budhene nanging dheweke emoh yen nganti jodhone uga ditata dening dulur-dulure bapake kuwi. Purwati rumangsa ora diajeni. Senadyan apa-apa wis kerep dibantu, nanging dheweke emoh yen kudu dipeksa rabi karo wong lanang kang dudu pilihane. Purwati rumangsa yen dheweke uga nduwe hak kango milih jodhone. Bab kasebut kaya kagambarake ing pethikan ngisor iki.

Sing gawe kobong atine Purwati nalika pak cilice meksa supaya Purwati gelem nampa panglamare modin desa sing sugih. Mesthi wae Purwati ora gelem, lha modin kuwi wonge cendhek elek lan umure wis skeet lima taun. Nadyan sugih nanging dhudha lan anak lima cetha njomplang. Dibandhing simboke wae isih tuwa modin kuwi. Temahan rame dadi pasulayan nganti Purwati minggat saka omah. (Tulus, 2017: 2)

Pethikan kasebut nggambarake yen Purwati uga kepengin diajeni. Purwati luwih becik minggat saka omah ketimbang kudu rabi karo modin kang umure luwih tuwa saka simboke. Dheweke ora gelem ditata karo dulur-dulure bapake. Dheweke ngrumangsani nduweni hak kango milih jodhone. Dulur-dulure ora nduwe kuwasa ngatur bab kasebut senadyan wis akeh mbantu uripe Purwati lan simboke. Saliyane iku Purwati uga emoh rabi karo dhudha anak lima kang wis cetha kacek umure adoh saka Purwati.

Ngajeni marang liyan bisa dituduhake kanthi cara kang akeh banget salah sijine ngaturake panuwun. Bab iki Purwati gedhe anggone ngaturake panuwun marang Rony kang dadi salah sijine dalan nganti dheweke bisa ngedegake retauran dhewe. Akeh banget pambiyantu kang ditampa Purwati saka Rony. Mula Purwati bola-bali ngaturake panuwun marang Rony awit minangka rasa urmat lan rasa sukure. Bab iki kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

Meneri dina Jemuah legi restaurant dibukak. Pak Camat diundang kango ngeresmekna acara kuwi. Saiba bungah lan mongkoge Purwati dene saiki wis bisa nduwe restaurant kang luwih ngengkreng tinimbang

warung angkringae. Apa maneh lemah lan wewangunan wis duweke dhewe. Sapa satemene sing nuntun Purwati nganti bisa kaya ngono. Tartamtu ora mung dhewekan, mesthi ana wong pengalaman sing ndhampingi. Rony... iya Rony Prayoga wong lanang umure kira-kira patang puluh lima taun sing sadurunge kerep andhok ing angkringan Purawan. Awit saka rasa senenge, Purwati bola-bali mung ngaturake gedhene panuwun. Banjur menawa ana apa-apa takone marang wong anang kwui. (Tulus, 2017: 121)

Purwati seneng banget dene pelanggan kang kerep andhok ing agkringane malah bisa aweh pambiyantu marang dheweke. Gedhe banget rasa urmat lan panuwune Purwati marang Rony. Tanpa pambiyantu saka Rony durung mesthi dheweke bisa nduwe lemah lan panggonan dhewe kango ngedegake restaurant dhewe. Bab kasebut kalebu salah siji tumindake Purwati kango ngajeni marang wong liya.

Gegambaran Aktualisasi Dhiri Paraga Utama sajrone Novel *Ringin Garing Anggitane* Tulus S. Mawas Kanyatan kanthi Efisien

Miturut Maslow, pawongan kang nduweni kapribaden sehat kang wis nyukupi *tingkatan aktualisasi dhiri* bakal nggatekake bab-bab lan wong-wong kang ana sakupenge kanthi cara *objektif*. Pawongan kang wis nyukupi kabutuhan aktualisasi dhiri ora ndeleng ndonya saka pamawas lan kepenginane dhewe nanging luwih saka apa anane.

Purwati nuduhake gegambaran mawas kanyatan kanthi *efisien* nalika dheweke lagi wae kenal karo Awan lan kepengin dadi rewang dagange Awan. Purwati ngrumangsani yen mung melu dadi kuli gendhong wae ora cukup kango ngrewangi Mbah Riym. dheweke kepengin bisa nasilake dhuwit kang luwih. Nalika sawise kepethuk karo Awan, dheweke nduweni pikiran kepengin melu dagang kain serbet lan nyambut gawe bebarengan karo Awan kaya kango ngambarake ing ngisor iki.

“Bener. Ngene Mas, iki wiwit esuk aku lan simbah ora entuk penggawean. Menawa kowe dakrewangi nawakna daganganmu piye?”

“Tenan ta?” Awan sajak ora percaya.

“Bener Mas, aku ora arep tuminak culika kok. Menawa ora percaya takona marang wong-wong sing ana mburi pasar kae. Kabeh weruh aku kuwi kuli gendhong.”

“Percaya Mbak. Menawa ngono ayo mlaku bareng.” (Tulus, 2017: 38)

Pethikan kasebut nuduhake menawa Purwati kepengin ngasilake dhuwit saka penggawean liya.

Wiwit esuk dheweke ngenteni ora ana sing menehi penggawean dadi kuli gendhong. Pikire bingung yen nganti sedina ora oleh asil bakal mangan apa. Mula nalika ora sengaja kepethuk dening Awan kang lagi dagang kain serbet, dheweke nduwe pikiran kanggo ngrewangi Awan sapa ngerti bisa antuk rejek senadyan ora akeh nanging bisa gawe mangan dheweke karo Mbah Riyem.

Gegambaran liya kang mujudake kabutuhan aktualisasi dhiri kang ditindakake dening Purwati yaiku nalika Purwati wis bisa ngedegake angkringan. Dheweke kepengin mbukak angkringan maneh kang luwi tumata. Dheweke nduwe pamikir kaya mengkono amarga sing teka ing angkringane lumayan akeh ning ora ana papan kanggo lungguh. Purwati kepengin nyawiske papan lungguhan kanggo para langganane supaya luwi kepenak anggone njajan. Bab iki kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Mas... angkringane dhewe siki wis rame, nganti ora ana papan kanggo lungguh sing padha teka. Mesakne banget dene kepengin njajan, mangan lan nyaman. Bareng teka banjur suk-sukan kaya rebutan wae.” Ujare Purwati marang Awan nalika lelungguhan ing mburi pasar.

“Lha terus kepiye, panceen anane panggonan ya mung aya ngono. Kuwi wae wis tambah klasa nyilih emper sisihe toko. Aku dhewe satemene ya mesakne banget.”

“Upama golek enggon maneh piye, nyewa omah sing rada gedhe banjur digawe angkringan. Lan kursine ditata sing apik kanthi kahanan kang nyenengake.” (Tulus, 2017: 61)

Pethikan kasebut nuduhake yen Purwati bisa mawas kanyatan kanthi *efisien*. Dheweke kepengin mbukak angkringan maneh amarga kanyatane sing padha teka rame nganti ora ana papan kanggo lungguh. Purwati minangka kang nduwe angkringan rumangsa kepengin gawe seneng lan kepenake pelanggane. Mula nduwe pikiran kepengin mbukak angkringan maneh kang papane luwi kepenak. Ing pethikan kuwi nuduhake yen Purwati wis nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirie.

Narima marang Awake Dhewe, Wong Liya lan Kodrat

Maslow ngandharake titikane pawongan kang kalebu nindakake aktualisasi dhiri yaiku nduweni sipay narima marang awake dhewe, wong liya lan kodrat. Ing bab iki bisa dimangerten yen wong kang nindakake upaya kasebut tansah urmat marang awake dhewe, wong liya lan bisa narima apa kang dadi pepesti kaluwihan utawa kurange kang diduweni kanthi pangrasa kang becik lan tansah ngupaya.

Sipat narima marang awake dhewe dituduhake nalika Purwati wis wiwit mlaku dadi tukang pijet. Akeh kang wis padha kenal marang Purwati lan seneng marang prigele anggone mijet. Saya suwe saya akeh kang mbuthuhake tenagane. Kala-kala sawengi nganti bisa ngasilake dhuwit satus ewu. Bungah banget atine Purwati dene wis bisa nyelengi kanggo ngedegake angkringan. Nanging penggaweyan dadi tukang pijet uga akeh lslakone. Akeh tukang mijet kang uga dadi wanita ora bener. Bab kasebut kaya kagambarake ing pethikan ngisor iki.

Dadi tukang pijet panceen akeh critane lan lslakone. Ora beda karo Purwati pait getire nate dirasakna nganti gawe ilang semangate anggone dadi tukang pijet. Ora ngira dene Purwati kang isih enom njegur dadi tukang pijet nuwuhake rerasanan kang ora ngepenakna. Akeh sing ngarani menawa Purwati kuwi bocah lemeran, geleman lan gampang dituku.

Mbokmenawa crita kaya mangkono kuwi kudu ditampa kanthi rasa prihatin. Ora maido awit miturut critane wong akeh kerjane wae cedhak papan kang kerep kanggo tumindak nistha. Purwati dhewe sadhar, nanging batine tetep ngupaya teguh waton dheweke ora melu-melu dadi wong sing seneng nguculi taphi turut ndalan. (Tulus, 2017: 55)

Purwati sadhar yen dadi tukang pijet mesthi dadi rerasanan kang ora becik. Apa maneh papan panggonane cedhak karo papan kang kerep kanggo tumindak nistha. Nanging Purwati tetep bisa narima waton tetep bisa njaga awake supaya ora kaya kag dadi omongane wong akeh. Dheweke tetep nindakake pakaryan dadi tukang pijet ing kono nanging uga tetep teguh njaga awake supaya ora kejegur nindakake pakaryan kang ora becik. Dheweke bisa narima omongane liyan tanpa nggedhekake rasa emosine. Bakune Purwati kudu bisa mbuktekake yen mung makarya dadi tukang pijet salumrahe.

Purwati uga nuduhake sipay narima marang awake dhewe, wong liya lan kodrat nalika wis bisa mbukak angkringan karo Awan. Senadyan paitane saperangan dibantu dening anak-anake Mbah Riyem nanging tetep gawe bungah kekarone. Salumrahe wong-wong liyane kang lagi wae mbukak usaha mesthi isih arang wong kang ketarik kepengin tuku dagangane. Awan lan Purwati tetep sabar ngenteni tekane pelanggan-pelanggan anyare. Bab kasebut kaya kagambarake ing pethikan ngisor iki.

Ndilalah Awan dhewe entuk enggon dodolan ing dhaerah Prawirataman. Ora ketang numpang ting pojok emperan toko cilik.

Bareng grobage anggone pesen wis dadi, banjur mbukak dhasaran. Saiba bungahe Awan lan Purwati ana siji loro sing nyoba dagangane.

“Sabar Dhik, jenenge lagi bukak. Suwe-suwe mengko akeh sing padha teka,” panglipure Awan marang Purwati awit isih sepi sing tuku. Purwati dhewe nyadhari kahanan. (Tulus, 2017: 59-60)

Purwati bisa nyadhari yen jenenge wong pisanan ngedegake usaha ora mesthi langsung bakal rame. Sithik mbaka sithik pelanggan bakal teka ing angkringane waton gelem sabar nunggu. Dheweke uga tetep bungah senadyan panggon angkringane mung numpang ing pojok emperan toko cilik. Purwati ora ngresula, dheweke tetep bisa narima kahanan kaya mangkono kuwi. Kahanan kasebut dianggep minangka pesthi kang wis kudu dilakoni dening Purwati lan Awan. Mula saka kene bisa diarani yen Purwati wis nindakake kabutuhan aktualisasi dhiri.

Spontanitas lan Tumindak Prasaja

Pawongan kang nindakake aktualisasi dhiri kang bener nduweni *spontanitas*, sipat lembah manah lan tumindak-tumindak lumrah kang ora digawe-gawe. Kabeh kang ditindakake ora mung apus-apus. Miturut Maslow sajrone Feist (2010: 346), yen ing sakupenge lan pakulinan ing bebrayan wis nyimpang saka pedhoman, mula dheweke ora sungkan kanggo blaka, ora ngapusni, lan ora isin nalika mblakakake yen dheweke seneng, sedhiih, nesu lan emosi liyalyane.

Gegambaran sipat *spontanitas* ing paraga Purwati dituduhake nalika dheweke ndherèkke Mbah Riyem menyang Kutha Gedhe. Mbah Riyem ngajak Purwati menyang panggonan kang gawe gumun atine. Lagi wae mlebu wis katon gapura kuna lan megereng-megreng, banjur ing njerone ana bangsal ing sisih kiwa kang kinayoman wit ringin gedhe kang asri lan adhem. Ing njero kono uga ana mejid gedhe, nanging Mbah Riyem ora ngajak dheweke menyan papan kono. Mbah Riyem mengkok ngiwa mlebu lawangan kang kinupengan tembok. Purwati sajak nggumun amarga ing kono Mbah Riyem mandheg ndeleh menyan arupa kembang ing ngarepe lawang gapura gedhe sing sajak tutup lan banjur lungguh sila lan uga lagi umik-umik. Bab gegambaran iki bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Wis Ndhuk... leren kene ya,”
kandhane Mbah Riyem karo mesem.

“Kok dhateng mriki wonten napa ta Mbah?” pitakone Purwati sajak penasaran.

“Ohhh.. Ndhuk.. Ndhuk, dhasar bocah lugu. Saiki akeh wewanganan papan ngibadah nanging isih durung bisa nyaketna marang

Gustine.” Mbah Riyem karo nyelonjorake sikile banjur dipijeti dhewe.

“Menapa kersane ta Mbah, kula boten ngerti blas. Lha kula boten nate diajari ngeten niki.”

‘Hmmm.. yakuwi bangsane dhewe saiki. Padha lali karo pribadine. Sing diupakara mung gebyare kanga sale saka manca. Banjur sapa sing arep ngukuhi,’ katrangane Mbah Riyem kanthi polatan kang sajak cuwa.(Tulus, 2017:16)

Purwati kaget nalika ndeleng simbah nindakake pakaryan kang ora lumrah dideleng dheweke nalika ing Magetan. Simbah nindakake ngibadah kanthi niyat nyaketke dhiri marang Gustine lumantar tumindak apa wae, nanging miturut Purwati ngibadah kudu aneng papan ngibadah kang samesthine ora kaya simbah kang ndedonga ing gapura.

Tumindak prasaja uga dituduhake Purwati nalika meruhi Mbah Riyem ngobong menyang ing sawijine papan. Dheweke durung nate nindakake kagiyatan kasebut mula rada kaget. Purwati menehi pitakonan kanthi lugu marang Mbah Riyem sawise ngobong menyan mau kaya kang kagamarake ing pethikan ngisor iki.

“Inggih, lajeng ingkang kalawau dipunpurugi banjur simbah ngobong menyan naminipun papan napa kok katingal wingit?”

“Ing walike kori agung mau pesarean ratu-ratu Mataram. Ya leluhure wong Jawa...”

“Pesarean?” Purwati sajak kaget lan mrinding githoke.

“Bener Ndhuk. Iku mau pesareane Kanjeng Panembahan Senopati, garwane lan kaluwarga agung Mataram. Ya kuwi cikal bakale kraton ing tanah Jawa iki. Awit saka iku ora mokal menawa akeh sing padha tirakat ing kene kepengin nyuwun karomahe para leluhur.” (Tulus, 2017: 19)

Pethikan kasebut nuduhake yen Purwati lugu banget. Dheweke durung nate babar pisan weruh pesarean Kanjeng Panembahan Senopati uga durung nate weruh apa kang ditindakake dening Mbah Riyem. Dheweke rumangsa kaget lan nggumun. Purwati banjur menehi pitakonan marang Mbah Riyem supaya bisa terang apa kang lagi wae ditindakake dening Mbah Riyem.

Munjerake Masalah

Masalah-masalah kang diadhepi dening pawongan kang nindakake aktualisasi dhiri iki mlilige nengenake *dedikasi* lan *totalitas*. Paraga Purwati nindakake aktualisasi dhiri iki nalika nemu ing sawijine prekara lan bisa kanthi tuntas nglakoni pakaryane. Paraga Purwati ing kene nuduhake bisa

munjerake masalah yaiku nalika dheweke arep ngedegake warung angkringan. Warung kuwi minangka pambiyantu saka anak-anake Mbah Riyem kang kepengin wong tuwane leren dadi kuli gendhong. Bab kuwi kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Bener.. aku kandha menawa kowe kepengin mbukak angkringan nanging ora nduwe paitan. Banjur anak-anakkku kanthi lila legawa kepengin genti aweh pambiyantu marang kowe.”

“Matur nuwun sanget Mbah... saestu nuwun...” kandhane Purwati karo mbrebes awit saka rasa bungahe.

“Iya... sesuk Awan ajaken ketemu karo aku. Mengko dakkandhanane dhewe. Nanging sing olah-olah simbah ya be nana penggaweyan. Awit aku disrengeni anak-anakkku ora oleh dadi kuli gendhong maneh.”
(Tulus, 2017: 58-59)

Pethikan kasebut bisa dideleng yen Purwati bisa munjerake masalah. Dheweke kepengin mbukak angkringan nanging ora nduwe paitan. Banjur nalika diwenehi pambiyantu saka anak-anake Mbah Riyem, Purwati sarujuk yen simbah sing olah-olah amarga dheweke weruh yen simbah wis sepuh ora kena dadi kuli gendhong maneh.

Gegambaran munjerake masalah kang dialami dening Purwati uga dituduhake nalika dheweke nduweni kepenginan mbukak angkringan anyar. Awan bingung yen mbukak angkringan maneh keoeye nasibe angkringan kang wiwitinan dibukak kuwi, dheweke ora lila yen kudu ninggal amarga kuwi cikal bakale Awan lan Purwati nduweni angkringan. Banjur Purwati menehi panemu yen dheweke lan Awan kudu andumm gawe. Kaya kang kagambarake ng pethikan ngisor iki.

“Lha terus nasibe angkringane dhewe ing pojok toko kae piye. Mangka kuwi dadi cikal bakale angone nyambut gawe. Eman menawa ditinggal.”

“Saiki andum gawe Mas. Menawa entuk sewan omah, sing angkringan lawas aja ditutup. Aku utawa kowe gentian sing nunggu. Awake dhewe golek rewang kanggo mbiyantu ngedoli.”

“Yawis menawa karepmu ngono, aku manut. Nanging, matur simbah dhisik. Awit angkringan kuwi paitane uga saka simbah.”
(Tulus, 2017: 61)

Pethikan kasebut Purwati bisa munjerake yen ora kudu nutup angkringan kang wiwitinan dibukak. Dheweke menehi panemu marang Awan yen bisa andum gawe gentenan nunggu angkringan yen

klakon bisa nyewa omah maneh. Saka bab kasebut bisa dideleng yen Purwati wis nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine.

Otonomi (Mandhiri tumrap Budaya lan Bebrayan)

Kabisane pawongan kang wis nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine kanggo nduweni kagunan kanthi cara *otonom* tumrap bebrayan lan *fisik* nduweni sesambungan kang raket kabutuhan *privasi* lan *independensi*.

Gegambaran sipat mandhiri kang mujudake aktualisasi dhirine kang ditindakake dening Purwati yaiku nalika dheweke kudu ngenteni Ismi, kancane nalika sekolah ing terminal Giwangan. Purwati babar pisan durung nate lunga menyang Yogyakarta. Mula sadurunge budhal, Purwati wis menehi kabar marang Ismi. Ing terminal kono dheweke kepeksa nunggu dheweke amarga Ismi durung menehi kabar. Bab kuwi bisa dideleg saka pethikan ing ngisor.

Ing terminal Giwangan rasane Purwati dadi bingung. Ismi kancane sing arep diparani durung aweh kabar lumantar *handphone*. Mriplate mung plorak-plorok karo nyawang kiwa tengen. Wetenge krasa luwe nanging arep tuku ing warung sumelang sanguine ora cukup. Sangsaya suwe awake dadi lemes, kancane uga durung sms utawa telpun. Batine tambah kuciwa, thukul pangangene sing ora-ora. Menawa nganti ora ketemu Ismi banjur kepiye nasibe. Mangka sedurunge budhal anggone rembugan wis cetha lan kancane kuwi saguh mbiyantu. Naming, bareng tekan Jogja jebul ora ana tanggapan babar pisan lumantar *handphone*. Srengenge sangsaya gingsir mangulon sedhela maneh wektune sore, mbaregi rasa bingunge Purwati. Menawa arep bali mulih ing Magetan sajak abot awit wis kebacut tekan Jogja. Gelem ora gelem Purwati kudu sabar nunggu nganti oleh kabar saka Ismi. (Tulus, 2017:4-5)

Pethikan kasebut bisa dideleng yen Purwati bisa klakon lunga saka Magetan menyang Yogyakarta dheweke. Bab iku nuduhake yen Purwati mujudake aktualisasi dhirine yaiku bisa mandhiri tumrap awake dhewe. Dheweke lunga dhewe tanpa dikancani ibune senadyan ta lungane kuwi nduwe niyat njaluk tulung marang kancane sakolah biyen yaiku Ismi, nanging bab iku wis bisa nuduhake gegambaran sipat mandhiri.

Gegambaran wujud mandhiri liyane dibuktekake nalika Purwati kepengin nyambut gawe kang luwih ngasilake. Dheweke matur marang Mbah Riyem yen kepengin nyambut gawe saliyane dagang kain bebarengan karo Awan. Dheweke kepengin luwih ngasilake kanggo mbantu Mbah Riyem kang

yuswane wis luwih. Gegambaran kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor.

“Mbah, upami kula pados kerja lintunipun kados pundi?” pitakone Purwati nalika ngrewangi Mbah RIyem sing lagi umbah-umbah.

“Arep kerja apa ta Ndhuk?”

“Saentene, sing penting saged nampa asil.” (Tulus, 2017: 45)

Pethikan kasebut mujudake Purwati kang nindakake kabutuhan aktualisasi dhiri. Dheweke kepengin bisa ngupaya nyambut gawe liyane kang bisa luwih ngasilake. Dheweke percaya menawa bisa nindakake pakaryan saliyane dagang kain. Bab kasebut mujudake gegambaran menawa Purwati bisa mandhiri kanthi nyambut gawe nggunakake kabisan kang ana ing awake.

Dhemokratis

Sipat dhemokratis ateges nduweni sipat sumanak lan gati tumrap liyan kanthi cara ora mbedakake. Pawongan kang dhemokratis uga bisa nesu yen ana sawijine bab kang dianggep ala lan ngrugekake.

Rasa dhemokratis dituduhake Purwati nalika kepengin nduweni penggaweyan anyar. Purwati mikir ora bisa yen dheweke kudu ngenteni asil saka kuli gendhong wae. Nalika kepethuk karo Awan banjur tuwuhan pikiran supaya bisa makarya bebarengan karo Awan. Bab kasebut kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Bener. Ngene Mas, iki wiwit esuk aku lan simbah ora entuk penggaweyan. Menawa kowe dakrewangi nawakna daganganmu piye?”

“Tenan ta?” Awan sajak ora percaya.

“Bener Mas, aku ora arep tumindak culika kok. Menawa ora percaya takona marang wong-wong sing ana mburi pasar kae. Kabeuh weruh menawa aku kuwi kuli gendhong.”

“Percaya Mbak. Menawa ngono ayo mlaku bareng.” (Tulus, 2017: 38)

Purwati ngajak nyambut gawe bebarengan karo Awan kanthi cara ngrewangi Awan nawakake dagangane. Pikire Purwati sapa weruh bakal mbiyantu ngasilake dhuwit senadyan ora sepira, saora-orane dheweke bisa nyambut gawe lan ngasilake dhuwit kanggo bandha mangan dina iki. Purwati ngrewangi Awan kanthi tulus lan rasa lembah manah.

Dhemokratis uga dituduhake Purwati nalika Purwati kepengin nyambut gawe bareng karo Mas Ahsani. Purwati kepengin ngrembakakake dagangan serbet duwene Awan supaya ora muspra. Mas Ahsani

nduwe usaha dagang pakeyan. Karepe Purwati, dagangane Awan arep dititipake ing kono. Bab kasebut kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Banjur dagangan serbet duweke Awan kuwi diterusne ora?”

“Inggih Mbah, malah kula wingi sumpin sowan nggene Mas Ahsani dhateng Kauman wingkin Mejid Agung. Piyambake kaleresan nate mampir ing angkringan Prawirataman lan usahanipun dagang pakeyan. Niyat kula makarya sesarengan kangge nggedhekaken daganganipun Mas Awan. Bejanipun Mas Ahsani kersa, lajeng Mas Awan nelpon juragane supados ngintun barang-barang daganganipun. Dene lare sing ider dhateng peken sakniki sumpun wonten tiga. Sithik-sithik wonten pametunipun lumayan kangge nambah-nambah celengan.” (Tulus, 2017: 68)

Purwati tetep kepengin usaha dagangan serbet Awan tetep mlaku lan ora nganggu angkringan. Mula dheweke nduweni panemu yen kepengin nitipake dagangane menyang Mas Ahsani kang dagangan pakeyan. Purwati ngajab yen dheweke bisa nyambut gawe bareng Mas Ahsani. Purwati uga nyambut gawe bareng karo rewange Awan kang ana telu. Dadi Purwati ora mung nyambut gawe karo Awan, nanging uga ngajak wong liya minangka mitra nyambut gawe bebarengan kang nuduhake sipat dhemokratis.

Kreativitas

Miturut Maslow sajrone Feist (2011: 351), kreativitas diwujudake ing kabisan nindakake bab-bab kang anyar kan asli, spontan, blaka yaiku ora nyonto asil karya wong liya sarta nduweni kamardikan kang ora winate ssaka bebrayan lan pawongan liyan.

Tumindak kreatip dituduhake Purwati nalika kepengin ngupaya nyambut gawe dhewe. Purwati ora kepengin mung dadi kuli gendhong utawa mbantu Awan dodolan serbet wae, nanging dheweke kepengin nduweni usaha dhewe. Usaha kasebut diajab bisa luwih ngasilake lan bisa dadi pakaryan tetep kang tansah bisa ngasilake saben sasine. Bab kasebut kaya kang kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Mas upama awake dhewe iki ngupaya makarya liyane tanpa ninggalake panggaweyan saben dina kepiye?”

“Karepmu lan carane kepiye?”

“Menawa awan kerja kaya biasane, dene yen wengi mergawe liyane.”

“Banjur arep nyambut gawe apa?”

“Ya sing bisa dilakoni, apa wae kudu ditandangi.”

“Tujuane banjur apa, awak kesel-kesel apa ora kepenak ngaso, teturon ing omah.”
(Tulus, 2017: 47)

Purwati anggone kepengin makarya gedhe banget. dheweke mikir supaya bisa nggunakake wektu kang ana kango terus ngupaya makarya. Senadyan yen awan wis dadi kuli gendhong lan bakulan kain, nanging isih dirasa kurang kanggone Purwati. Dheweke uga kepengin nyambut gawe liyane ing wayah wengi. Penggaweyan apa wae yen bisa dilakoni bakal ditandangi dening Purwati supaya bisa nggayuh kang dadi kekarepane.

Tumindak kreatip uga dituduhake Purwati nalika dheweke kepengin mbukak angkringan anyar kang luwi gedhe. Purwati kepengin ngrembakakake angkringane kang isih cilik lan panggonane sumpeg dadi angkringan kang luwi jembar supaya para pelanggane bisa betah lan luwi kepenak anggone dhedhaharan. Dheweke ngajak Awan supaya gelem golek panggon anyar kang luwi gedhe nggunakake celengan asil saka angkringan kang wis mlaku. Bab kasebut kagambarake kaya ing pethikan ngisor iki.

“Lha terus kepiye, panceen anane panggonan ya mung kaya ngono. Kuwi wae wis tambah klasa nyilih emper sisihe toko. Aku dhewe satemene ya mesakna banget.”

“Umpama golek enggon maneh piye, nyewa omah sing rada gedhe banjur digawe angkringan. Lan kursine ditata sing apik kanthi kahanan kang nyenengake.”

“Lha ngetokna ragad maneh, akeh lho.”

“Celengane dhewe wis akeh ta, dakkira kuwi cukup kango paitan. Karomaneh wong usaha kuwi kudu wani tombok.” (Tulus, 2017: 61)

Purwati anggone ngupaya kepengin terus ngrembaka. Angkringan cilik kang wis digawe karo Awan kepengin digedhekake maneh. Purwati kepengin gawe para pelanggane luwi betah andhog ing angkringane kanthi cara nambahi panggonan lungguh kang luwi jembar. Angkringan wiwit kang digawe mung cilik lan nunut ing ngarep emperan toko saengga wong kang arep tuku ora bisa lungguh kepenak. Bab kang njalari Purwati kepengin nggedhekake angkringane.

Pepalang kang diadhepi Paraga Utama nalika Nyukupi Aktualisasi Dhiri sajrone Novel *Ringin Garing* Anggitane Tulus S.

Saben pawongan mesthi nduweni kepenginan maneka warna kang mangaribawani tumrap uripe. Saben pawongan mesthi kepengin ngrasakake urip

kepenak saengga ngupaya nyukupi kabutuhan-kabutuhane. Purwati minangka paraga utama ing novel *Ringin Garing* ngupayakake pirang-pirang cara kango nyukupi kabutuhan aktualisasi dhiri yaiku kango mbuktekake marang kaluwargane yen dheweke bisa urip mandhiri, bisa nggayuh kepenginane lan bisa gawe mongkog atine simboke. Anggone ngupaya nyukupi kabutuhan aktualisasi uga mesthi ora gangsar lan nemu pepalang, kaya dene Purwati minangka paraga utama ora diwenehi pangestu saka ibune, uga perkara wragad kang kurang nalika dheweke minggat saka ngomah.

Ora Dipangestoni

Purwati uga ngrasakake gedhene pangaribawa saka donga pangestu iki. Lelakone diwiwiti saka dheweke kang minggat saka ngomah tanpa donga pangestu saka simboke lan uga ora pamit. Sawise iku kedadeyan-kedadeyan ala kang njalari pepalang anggone nyukupi kabutuhan aktualisasi dumadi kaya kango kaandharake ing pethikan ngisor iki.

Telung dina Purwati wis manggon ing omahe Mbah Riyem. dhasar isih bocah pikirane isih kelihan simboke terus. Apamaneh kahanane wong tuwa siji-sijine kuwi wis ringkih. Rasane ora tega banget menawa arep ninggal, banjur thkul kepengin bali maneh. Nanging, bareng kelingan tembung-tembunge lik-like lan sikape simboke, batine mbalik kukuh kepengin mandhiri lan adoh saka wong-wong kuwi. Tekade ora bakal bali menawa durung bisa mandhiri. Purwati bisane mung mbrebes wae kelingan marang lelakone. (Tulus, 2017: 15)

Pethikan ing ndhuwur nggamarake pepalang kang dialami Purwati kango nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine yaiku kelingan marang simboke. Dheweke lunga ora pamit, ninggal simboke dhewekan ing Magetan kang kahanane lagi lara-laranen. Pikiran kepengin bali mulih thukul amarga ora tega ninggal simbokne lan kepirikan terus. Pikiran-pikiran kuwi sithik-sithik bisa dibuwang kango mbuktekake tekade.

Kacingkrangan

Purwati lan simboke sajane wae nduwe wragad saka sawah tinggalane bapake kang dipasrahake marang dulur-dulure bapake awit simboke Purwati ora bisa nggarap dhewe. Purwati isih sekolah lan simboke kerep lara-laranen. Sasuwene Purwati sekolah, sing menehi wragad ya dulur-dulure bapake nanging sajak kaya ora eklass lan terus diundhat-undhat nganti gawe gelane Purwati. Bab kasebut kaya kang kaandharake ing pethikan ngisor iki.

“...Upama kaluwargamu ora dakrewangi apa bisa mangan... Wong cengoh, guwoblok wae arep neka-neka, uripmu mung

nunut... Bocah ora nggenah banjur arep dadi apa..." swara-swara kang kerep metu saka tutuke pak cilice, budhene lan bulike kuwi sajak terus njejuwing rasane. Patuta kupinge panas lan atine kaya diiris-iris. Piikirane ngene nganti luhe dumlewer mbanjiri pipine. Praupane bengeb ngenpet kahanan. Purwati sajak wis ora preduli menawa nganti disawang wong liya sing ana ing sanjerone bis. Niyate arep lunga menyang Yogyakarta kepengin ngowahi nasibe sing mrihatinake. (Tulus, 2017: 1)

Tetembungan kang kaya mangkono kang kerep dirungokake dening Purwati kang gawe lara lan gela atine. Tetembungan kuwi bisa dadi panjurung nanging uga dadi pepalang anggone nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine. Pepalang amarga dheweke bakal ngrasakake lara ati yen kelingan marang tembung-tembung kang jane ora patut dirungokake. Tembung-tembung kasebut uga njalari Purwati dadi kurang semangat anggone nindakake pakaryan.

PANUTUP

Dudutan

Dudutan kng bisa dijupuk saka asil panliten ing novel *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi yaiku paraga utama Purwati bisa nggayuh lan nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine lan nyukupi kabutuhan bertingkat miturut teori psikologi humanistic Abraham Maslow. Kabutuhan aktualisasi dhirine kang digayuh dening Purwati yaiku bisa mawas kanyatan kanthi *efisiensi*, narima marang awake dhewe, wong liya lan kodrat, *spontanitas* lan tumindak prasaja, munjerake masalah, uga *otonomi* (mandhiri tumrap budaya lan bebrayan). Wujud aktualisasi dhirine kang paling ditengenake dening Purwati yaiku *otonomi* (mandhiri tumrap budaya lan bebrayan).

Panliten iki uga njlentrehake pepalang kang diadhepi paraga utama nalika nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine. Pepalang-pepalang kasebut yaiku ora anane donga pangestu saka wong tuwa saengga nalika arep nindakake sawijine pakaryan, Purwati minangka paraga mesthi nemu alangan. Pepalang banjure yaiku ora anane wragad kang cukup kanggo nyukupi uripe Purwati lan simboke.

Pamrayoga

Panliten ngenani kabutuhan aktualisasi dhirine kang ana sajrone novel *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi taun 2017 iki muga-muga bisa kanggo nambahi kawruh lan wawasan ngenani panliten sastra Jawa modern, senadyan bab kang dititi among sathithik amarga kuwange kawruh. Panliten iki diajab uga bisa menehi piguna tumrap pamaca kanggo ngripta lan ngrembakakake panliten sabanjure. Saliyané iku panliten iki uga bisa kanggo nambahi

pangrembakane analisis sastra mligine bab kajiwane paraga kang bisa didadekake kaca pangilon tumrap uripe manungsa ing bebrayan agung lumantar kajian *psikologi humanistic* Abraham Maslow.

Panlti sadhar dene panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Isih kerep ana luput bab kawruh, tata tulis uga bab basa, mula panlti banget anggone ngarep-arep anane pamrayoga kang bisa mangun panliten iki supaya luwih migunani tumrap pamaca ngenani psikologi sastra mligine kabutuhan aktualisasi dhirine kanthi becik,

Kapustakan

- Alwisol. 2009. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.
- Darni. 2015. *Kekerasan terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya: Unesa University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Feist, Jess & Feist, Gregory J. 2011. *Teori Kepribadian*, Edisi 7. Jakarta: Salemba Humanika.
- Goble, Frank G. 2002. *Mazhab Ketiga Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. (Terjemah). Yogyakarta: Kanisius.
- Hidayat, Dede Rahmat. 2011. *Teori dan Apikasi: Psikologi Kepribadian dalam Konseling*. Bogor: Penerbit Ghilia Indonesia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Malang: HISKI Jawa Timur.
- Latifah, Niswatul. 2015. *Rasa Kuwatire Paraga Utama sajrone Antologi Cerkak Trem Anggitane Suparto Brata Tintingen Psikoanalisis Sigmund Freud*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Satra: Karya Sastra, Metode, Teori dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Narimawati, Umi. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Bandung: UNIKOM.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Penelitian Sastra: Teori, Metode, dan Teknik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Semiun, Yustinus. 2013. *Teori-Teori Kepribadian: Psikoanalitik Kontemporer Jilid I*. Yogyakarta: KANISIUS.
- Setiyadi, Tulus. 2017. *Ringin Garing*. Lamongan: CV. Pustaka Ilalang.
- Sugiyono, 2013. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukardi. 2003. *Metodologi Penelitian Pendidikan Kompetensi dan Praktiknya*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Wijayanti, Tri Rina. 2016. *Aktualisasi Dhiri Paraga Utama sajrone Cerbung Ngoyak Lintang Anggitane Al Aris Purnomo (Tintingan Psikohumanistik Carl Rogers)*. Surabaya: Skripsi Universitas Negeri Surabaya.